

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Lokasi Panalungtikan jeung Sumber Data**

##### **3.1.1 Lokasi Géografis Tempat Panalungtikan**

Lokasi anu dipaké panalungtikan nyaéta Désa Lebakmuncang di kiduleun Bandung, perenahna di Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung Provinsi Jawa Barat. Désa Lebakmuncang aya dinakettinggian 1200 meter *di atas permukaan laut (dpl)*. Ieu désa legana 800,26 Ha. Pakasaban masarakat désa Lebakmuncang lalobana kana tatanén, lantaran di ieu désa lega ku kebon jeung sawah pikeun tatanén. Désa Lebakmuncang dipilih jadi lokasi panalungtikan lantaran mangrupa désa wisata édukatif tatanén anu loba dijugjug ku wisatawan ti wewengkon séjén. Ku kituna perlu ayana panalungtikan pikeun mikanyaho sikep basa kulawarga dina ngukuhan basa Sunda kaasup faktor-faktor anu ngarojong jeung nyandet kana ngukuhan basa Sunda, naha aya pangaruh atawa henteu tina kaayaan Désa Lebakmuncang salaku désa wisata. Wates wilayah Désa Lebakmuncang nyaéta: lebah kalér, Désa Rawabogo jeung Néngkélan; lebah kidul, Désa Alaméndah; lebah kulon, Désa Mekarwangi Kacamatan Sindangkerta Kabupatén Bandung Barat; jeung leabah wétan, nyaéta Désa Panyocokan.

##### **3.1.2 Sumber Data Panalungtikan**

Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana éta data dipiboga ku panalungtik. Saupama panalungtik ngagunakeun kuisioner atawa wawancara dina prosés panalungtikanna, sumber datana disebut réspondén, nyaéta jalma anu ngarépson atawa ngajawab patalékan-patalékan ti panalungtik, boh éta anu sipatna lisan atawa tinulis. Saupama panalungtik ngagunakeun téknik observasi, sumber datana bisa mangrupa hiji benda, atawa hiji hal nu sipatna parobahan (Arikunto, 2010: 172).

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaétadalapan anggota masarakat Désa Lebakmuncang Kecamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung nu dipasing-pasing dumasar kana wanda jinis, umur, jeung pakasaban. Jumlah


anggota masarakat anu dijadikeun réspondén aya dalapan réspondén, lima lalaki jeung tilu awéwé.


1. Imas Masofah (46 taun), awéwé, pakasaban Kepala Désa Lebakmuncang.
2. Téja Sumana (50 taun), lalaki, pakasaban PNS (guru).
3. Geuis Haraliah (47 taun), awéwé, pakasaban wirausaha kopi luwak/IRT.
4. Ujang Saéful (51 taun), lalaki, pakasaban tani.
5. Dodi Hidayat (26 taun), lalaki, pakasaban wirausaha isi ulang galon/buruh tani.
6. Déri (15 taun), lalaki, pakasaban siswa kelas 3 SMP.
7. Nunu (54 taun), lalaki, pakasaban supir.
8. Anisa Agustiani (16 taun), awéwé, pakasaban siswi kelas 1 SMK.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan dimimitian ku nangtukeun masalah, ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, nangtukeun jeung nyieun instrumén, ngumpulkeun data, nganalisis data, ngadéskripsikeun data, jeung nyieun kacindekan. Desain dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan





Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif, nyaéta pamarekan anu ngandelkeun kana data nu dimeunangkeun sarta nafsirkeun data sacara narasi jeung ngingkahan cara statistik jeung itungan, Suwandi jeung Baswori (2008: 21).

### 3.3 Métode Panalungtikan

Métode nyaéta cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan gumantung kana tujuan panalungtikan, sipat masalah nu digarap, sarta *alternatif-alternatif* séjenna. Métodenu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Panalungtikan deskriptif mangrupa panalungtikan nu bener-bener medar tur ngadéskripsikeun naon-naon nu aya tur lumangsung di lapangan atawa wilayah nu tangtu. Data nu geus kakumpul dipasing-pasing dumasar kana jenis, sipat, jeung kondisina. Sanggeus lengkep léngkah pamungkas nyaéta nyieun kacindekan. Istilah “deskriptif” asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajéntrékeun atawa ngagambarkeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatam , jrrd (Arikunto, 2010: 3).

Data nu didéskripsikeun nyaéta data dina wangu omongan résponden, anu dijabarkeun sacara déskriptif ngeunaan sikep basa kulawarga/masarakatna. Kaasup faktor-faktor naon anu mangaruh kana ngukuhan basa éta sorangan.

### 3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nyaéta “*Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhan Basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupaten Bandung*”. Sangkan aya gambaran, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, diantarana.

a. Sikep Basa Kulawarga

Sikep basa kulawarga téh nyaéta tata kayakinan atawa kognisi papada anggota kulawarga kana hiji basa, anu saupama sipatna positif bisa ngajamin kalumangsungan hiji basa, tug kitu deui sabalikna saupama sipatna negatif. Dina ieu panalungtikan maluruh sikep basa kulawarga kana basa Sunda dumasar kana komponén-komponén sikep nyaéta *kognitif*, *afektif*, jeung *konatif*. Ogé dumasar kana tilu ciri sikep basa nyaéta kasatiaan basa (*language loyalty*), kareueus basa(*language pride*), jeung kasadaran ayana norma basa(*awareness of the norm*).

b. Ngukuhan Basa (*Pemertahanan Basa*)

Ngukuhan basa (*pemertahanan basa*) téh nyaéta tarékah, sikep atawa ajén masarakat kana hiji basa, pikeun tetep ngagunakeun/maké hiji basa sok sanajan dilingkung ku basa-basa séjén anu sipatna *mayoritas* nu dipaké di masarakat. Hiji usaha anu némbongkeun tarékah pikeun ngamumulé hiji basa, dina hal ieu nyaéta basa Sunda salaku basa Indung.

Jadi panalungtikan “*Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhan Basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung*”nyaéta panalungtikan anu nalungtikngeunaan sikep basa masarakat (kulawarga) katut tarékah masarakat pikeun ngukuhan basa indungna nyaéta basa Sunda.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaétasagala fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawén leuwih gampang tur hasilna ogé leuwih hadé, dina segi waktu leuwih gancang/éfétfif, sistematis, sangkan leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010: 203).

Alat nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

a. *Recorder*

*Recorder* digunakeun pikeun ngarékam sora dina prosés wawancara lumangsung.

b. Kaméra *Digital*

Kaméra *digital* digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun sagala kagiatan panalungtikan dina wangu foto atawa video.

c. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun dina kagitan wawancara pikeun meunangkeun data basaku cara nepikeun pananya-pananya ka résponden. Interviewer gé biasana nuliskeun eusi jawaban résponden sacara gurat badagna dina pedoman wawancara. Dina pedoman wawancara ngawengku genep bagian nyaéta, 1) persetujuan respondén; 2) kasangtukang réspondén; 3) pananya *terbuka*; 4) pancakaki Kulawarga; 5) pola makéna basa; jeung 6) sikep ngeunaan basa.

Tabel 3.1  
Kisi-kisi Pedoman Wawancara

No.	Komponén	Sub komponén	No. Soal
1.	kasatiaan basa ( <i>language loyalty</i> )	Tarékah ngagunakeun basa indung sapopoé	-Bagian 3 no: 1, 2, 5, 12 -Bagian 4 -Bagian 5
2.	kareueus basa ( <i>language pride</i> ),	Salaku lambang idéntitas hiji etnik	-Bagian 3 no: 1, 2, 3, 8, -Bagian 4 -Bagian 5
3.	kasadaran ayana norma basa ( <i>awareness of the norm</i> ).	Pentingna tetekon basa dina komunikasi (sopan santun)	-Bagian 3 no: 4, -Bagian 4 -Bagian 5
4.	Kognitif	Dipaluruh babarengan jeung aféktif, konatif	-Bagian 3 no: 6,

			-Bagian 6 no: 1 s/d 10
5.	Afektif	Sikep ngeunaan basa	-Bagian 6 no: 1 s/d 10
6.	Konatif	Dipaluruh sacara lakulampah sapopoé	-Bagian 3 no: 9, 10, 12, 13

- *Pedoman wawancara sageblengna ayadina lampiran*

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun dua téhnik ngumpulkeun data, nyaéta téhnik observasi, jeung téhnik wawancara.

#### a. Téhnik Observasi

Observasi dipaké pikeun meunangkeun data kaayaan désa Lebakmuncang sacara gembleng jeung meunangkeun réspondén dumasar kana kritéria nu geus ditangtukeun, nyaéta dumasar kana wanda jinis, umur, jeung pakasaban.

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan saméméhna nataharkeun heula sagalarupana sasadiaan pikeun ngumpulkeun data ku cara observasi. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Ngalakukeun survey ka désa Lebakmuncang ngeunaan kaayaan jumlah populasi pikeun nangtukeun jumlah réspondén.
- 2) Ngajéntrékeun maksud jeung tujuan panalungtik ka pihak-pihak nu kalibet ngeunaan ieu panalungtikan.
- 3) Ngumpulkeun data-data administrasi ngeunaan désa Lebakmuncang (kaasup ngadokuméntasikeun)
- 4) Nyadiakeun alat instrumén kaasup pedoman wawancara pikeun meunangkeun data nu dipimaksud.

#### b. Téhnik Wawancara

Wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun data utama ti réspondén nu dijadikeun sampel, nyaéta dina wangun omongan jeung kabiasaan masarakat dina ngagunakeun basa. Ku ayana éta data, bisa dipaluruh ngeunaan sikep

basa kulawarga/masyarakat dina ngukuhan basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung. Kaasup meunangkeun data ngeunaan faktor-faktor nu mangaruh kana robahna jeung ngésérna basa di éta désa.

Léngkah prak-prakan ngumpulkeun data, saperti ieu di handap.

- 1) Ngajéntrékeun tatacara jeung maksud wawancara ka unggal réspondén.
- 2) Ngajéntrékeun gurat badag ka réspondén tina panalungtikan nu keur dilakukeun.
- 3) Ngawawancara langsung réspondén pikeun meunangkeun data nu dimaksud.
- 4) Méré aprésiasi jeung layang pangajén ka réspondén.
- 5) Masing-masing data nu geus diwawacara dumasar kana idéntitas réspondén.

### **3.7 Téhnik Ngolah Data**

Data nu geus kakumpul tina hasil panalungtikan satulunya dianalisis maké téhnik déskripsi. Anu didéskripsikeunna nyaéta sikep basa kulawarga dina ngukuhan basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Nyatet sakabeh data hasil rékaman wawancara jeung réspondén.
- b. Ngaregepkeun sacara taliti unggal bagian wawancara ti unggal réspondén.
- c. Nyieun papasingan data dumasar kana bagian per bagian pedoman wawancara nu nyoko kana sikep basa kulawarga.
- d. Nganalisis tur ngadéskripsikeun data dumasar kana rumusan masalah.
- e. Nyieun kacindekan tina panalungtikan nu dilaksanakeun.